*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 39-40 (7357-58) РУЗМАН 21 октябрь 2023 сон

12+

## Рагъухъанасулгун дандчIвай



Районалъул бетIер МухIидин МухIамадов дандчIвана СВОялда хъулухъ гьабулев Арчиб поселениялдаса АхIмад МухIамадовгун.

Гьале лъагIелгIанасеб заман унеб буго Арчиб поселениялъул Хитаб росулъа Украинаялъул ракьалда СВОялда хъулухъ гьабулаго АхIмадил. Риидалиса нахъе гьев вуго лъукъун вукIиналда бан больничнияб отпускаялда, врачазул комиссиялъул хIукмуялда рекъон гьев жеги ине вегьулев гьечIо хъулухъ гьабизе.

Районалъул бетIерас лъазабуна гьесул сахлъиялъул, гьикъана къваригIараб-таралъул, гIарцул рахъалъ СВОялъул гIахьалчиясул хъизамалъе гьабулеб бугеб кумекалъул.

Жиндирго иргаялда рагъухъанас баркала загьир гьабуна районалъул бетIерасе ва гьединго СВОялда ругел нилъер рагъухъабазул хъизамазе кумек гьабулел щиназеги.

Хъулухъалъул хIакъалъулъ бицунаго рагъухъанас баян гьабуна жиндирго гьалмагъзабазул бахIарчиял ишазул, бихьинчилъиялъул, къо хIехьеялъул, цоцазе гьабулеб кумекалъул. Гьелдаго цадахъ АхIмадица кIвар бугеблъун рикIкIунеб буго гIагарлъиялъ ва районцояз жидее гьабулеб бугеб мугъчIвай, ва абуна гьеб цIакъго хIажатабги бугин рагъда хъулухъ гьабулезе.

Ахиралда МухIидин МухIамадовас баркала загьир гьабуна рагъухъанасе гьес ракIбацIцIадго ВатIаналда цебе жиндаго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабулеб букIиналъухъ, гьарана нилъер ракьцоял ва цадахъ хъулухъ гьабулел ругел гIолилал сах-саламатго рагъги лъугIун жиде-жидер рукъзабахъе нахъруссагиян.

## Росдал магIишаталда бугеб ахIвал-хIал

ЧIарада районалъул администрациялъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул кинабго хIалтIи буссинабураб буго «АПКялъул цебетIей» абураб миллияб проекталъул рахъги ккун хIалтIулъ хIасил букIине хIадурарал планазда (дорожные карты) рекъон социалиябгун экономикияб цебетIей букIинабиялъе ва росдал магIишат цIуниялъе.

ГIи-боцIи хьихьулел ракьазда бугеб ахIвал-хIал лъазабизе лъагIалил байбихьуда ва ахиралда гьенире щола районалъул бетIер, гьесул заместитель ва отделалъул специалистал.

2023 соналъул 1 январалда районалъул киналго магIишатиял бутIабазда чIахIияб боцIул 12745 бетIер букIана. Гьеб 2022 соналда букIаралдаса 401 бетIералъ дагьго ккола буго. Гьездаго гьоркьор гIачи – 6396 бетIер, (2022 соналъул байбихьуде данде 98 бетIералъ дагьлъун буго). КРСалъул ва гIачиязул къадар дагьлъиялъе аслияб гIилла ккола буго лейкозалъ ва бруцеллезалъ унтараб боцIи тIаса гьаби. МРСалъул къадар букIана 121507 бетIер, гьеб 2022 соналъул байбихьуде данде 4183 бетIералъ цIикIкIун буго, гьелдаса чахъу 104985 бетIер, гьебги цIикIкIун буго 2021 соналда букIаралдаса 4229 ц. Щибаб гIакдадаса гьоркьохъеб хIисабалда бечIчIун буго 1743 литр рахьдал. Щибаб лемагалдаса кьунцIун буго 3,2 кг квасул, гьеб бахъун буго 3720 ц (2021 соналда букIаралдаса 461 ц цIикIкIун).

Киналго магIишатазда бечIчIараб рахь бахъана 95518 ц, гьеб цIикIкIана 2022 соналдаса 4119 ц. Гьан гIезаби бахъана 28576 ц, гьеб-

Ахирисеб лъабго соналда районалъул росдал магIишаталъул предприятиял хIалтIун руго хайир кьоледухъ, 2022 сонги киналго магIишатаз лъугIизабуна лъикIаб хайиргун, тIаде бачIараб хайир бащалъана 16175 азарго гъурущалда, гьеб 2534 азарго гъурущалъ цIикIкIун буго 2021 соналда букIаралдаса.



Районалъул киналго росдал магIишатазда гьабураб продукциялъул гIаммаб къадар бахъун буго 951745 азарго гъурущалде, гьеб 2021 соналда букIаралдаса 27204 азарго гъурущалъ цIикIкIараб буго.

Росдал магIишаталъул продукциялъул гIаммаб къадар 93,2% ккола буго гIи-боцIул продукциялъ ва 6,8% – хурдул гIезариялъ. Росдал магIишаталъул гIаммаб хайир цIикIкIиналъулъ бихьулеб бутIа ккола буго росдал магIишаталъул кооперативазул 24 магIишаталъ – 21,3%, КФХязул 65 магIишатаз – 37,5%, ЛПХязул 4567 магIишатаз – 41,2%.

Районалъул киналго магIишатазда хадуб щулат гьабун буго 212,8 азарго га росдал магIишаталъул ракьалъул, гьелдаго гьоркьоб бекьулеб ракь – 2,5 азарго га, гIемерсоназулал хурдул хьаялъе – 0,145 азарго га, хер бецулел мугIрузул – 3,2 азарго га, гIи-боцIи хьихьулеб ракь – 198,7 азарго га. ХIакъикъаталда хIалтIизабулеб росдал магIишаталъул ракь ккола буго 99 %.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

## Рагъулаб комиссариаталда данделъи

Дагьал къояз цебе ЧIарада районалъул рагъулаб комиссариаталда тIобитIана 2023 соналъул хасалил призыв тIобитIиялда хурхун призывалъулаб комиссиялъул данделъи. Призывалъул комиссиялъул председатель, районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIулеб данделъиялда хадур рехсарал суалал гьоркьор лъун рукIана: призывалъул комиссиялъул хIалтIул анализ, ВУСазул хIалтIухъабаз муниципалиял гIуцIабазда повесткаби рикьиялъул, гьединго рагъулабгун учеталъул хъулухъаздее цIализе ва хIадуризе кандидатал данде гьариялъул (РОСТО ДОСААФалда водительлъун) ва бакIазда призывалъулаб комиссиялъул хIалтIул кIвар борхизабиялъул, 2023 соналъул хасалил призывалде рагъулаб хъулухъ тIубазабизе гражданал хIадур гьариялъул рахъалъ.



Призывалъул комиссиялъул членазда гьоркьор рукIана призывалъулаб комиссиялъул председателасул заместитель, районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадов, ЧIарада ЦРБялъул бетIерав врач Къурбан Рамазанов, районалъул рагъухъабазул улбузул комитеталъул председатель ГIабдула Рамазанов, рагъул, захIматалъул, рагъулал къуватазул ва районалъул ихтиярал цIунулел гIуцIабазул ветераназул Советалъул председатель Асад ХIажимухIамадов. Комиссиялъ хIукму гьабуна тIадаб рагъулаб хъулухъ гьабиялъе, ялъуни эркен гьариялъе анцIгоялдаса цIикIарал гIолохъабазе, гьезда гьоркьор руго студенталги ва хIалтIулеб гIолохъабиги. Цо-цоязе бихьизабуна нахъе тIамиги (отсрочка).

Щивав призывникасул делоялъул хал гьабулаго комиссиялъ чIезабуна гье-

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*

## Баркула Ш. МустIапаевасда



Щибаб моцIалда планалда рекъон тIобитIулеб совещаниялда райадминистрациялъул бетIер МухIидин МухIамадовас баркиялъулаб кIалъайги гьабун ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмабазул Министерствоялъул «За добросовестный труд и высокий профессионализм» тIад хъвараб баркалаялъулаб кагъат кьуна районалъул администрациялъул лъай кьеялъул ва культураялъул начальник Шамил МухIамадович МустIапаевасе.

Баркула Шамил МухIамадовасда пайдаяб хIалтIи республикаялдаго рикIкIиналъ. Гьарула щулияб сахлъи, хIалтIулъ жеги гIемерал цIиял бергьенлъаби.

## Нухал – бечелъиялъе къучI

Гьачада поселениялъул ракьалда тIадран унел руго республикаялъул приоритетнияб «Мой Дагестан – мои захIматчагIазги.

Гьанжеялде нухлул 1 км манзилалда гьарун руго ритIизариялъул ва гIатIид гьа-



дороги» абураб проекталда рекъон нухал къачIаялъул хIалтIаби.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ва росдал магIишаталъулгун экономикияб отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевасгун цадахъ хал гьабуна хIалтIаби унел участкаялъул, гьениб цебе чIараб хIалтIул 60 процент гьабун буго.

ХIалтIи тIаде босарал ООО «Дорожник» подрядалъулаб гIуцIиялъул хIалтIухъаби щибаб къоялда рихьула нухазул участок къачIалел. Гьездаса разиго руго росабазул риялъул хIалтIаби, нухалъул рагIаллъиялда бетонироватги гьабун, 35 метраялъул халалъиялда ва бакI-бакIазда 4 метр борхалъиялда ран руго щулиял къедалги.

Нухазул гIеблъи бакIалъун хаслъабазде балагьун 3 метраялдаса 5-6 метраялде гIатIилъизабун буго. Нухалъул рагIалда лъун руго бетоналъул блокалги.

Подрядчиказул рагIабазда рекъон гьеб нухалда бетон тIей ва кинабго хIалтIи лъугIизе буго ноябралъул ахиралда.



## Рагъулаб комиссариаталда данделъи

***(Байбихьи 1-аб. гьумералда)***

зул сахлъиялъул категория, хIажатаб бихьун гьезул цоцоял ритIана тIадеги медицинаялъул хал гьабиялде.

Призывниказдехун кIалъалаго МухIидин МухIамадовас ва комиссиялъул членаз лъазабулеб букIана армиялде ахIаразул сахлъиялъул, гьединго гьикъулеб букIана кинаб рагъулаб часталде ккезе вокьилев абун.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго муниципалитеталъул бетIерас баян гьабуна гьабсагIаталда хIисабалде босизе ккараб ЧIарада районалъул рагъулав комиссарасул лъазаби, ва призывалъулаб комиссиялъ гьабураб хIалтIул анализги гьабун, гьеб поселениязул бутIрузухъеги щвезабизе ккеялъул.

«Муниципалиял гIуцIабазул бутIрузе лъикIаблъун бихьизабулеб буго кьокьабго заманалда повесткаби кьун лъугIизари. Жидерго хасаб бербалагьиялде росизе рагъулаб хъулухъ тIубазабуларел гражданал ралагьиялъул тадбирал. Хал ккезе сах гьариялъул учреждениязде ритIарал гражданазе медицинаялъулаб хал гьабиялда хадуб. ГIуцIизе ва тIоритIизе иргаялда гьечIел призывалъул комиссиялъул данделъаби, гьенир гIенеккизе военкоматалде вачIинчIев щивав призывникасул хIакъалъулъ рагъулав комиссарасул лъазабиялъухъ. ТIадаб рагъулаб



хъулухъ гьабизе тIалъулел гражданал хIадур гьаризе. ДОСААФалъул регионалияб отделениялде цIализе унел гражданазе гIуцIизе рагъулаб комиссариаталъул тIадкъаялда рекъон разилъи, гьединго ВУСазул хIалтIухъабазулгун щибаб анкьалъ призывниказул сияхI данде ккезе. Рехсараб хIукмуялда хадуб хал ккезе тIадкъана призывалъулаб комиссиялъул председателасул заместитель, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовасда», - ян лъазабуна призывалъулаб комиссиялъул председателас.

Хадуб бицана призывалъулаб комиссиялъул данделъиялде вачIинчIев призывникасе рукIине ругел штрафазул ва административиялгун уголовниял тамихIазул.

«Цо-цо призывникал жидеего бокьун унел руго Россиялъул ВСалъул кьеразулъ хъулухъ гьабизе. Рагъулаб хъулухъ – гьеб бугин щивав гIумруялде вахъарав ва щулияб сахлъи бугев гражданасул тIадаб налъи. Армиялда бихьараб захIмат къезабизе кIвани, нужеда кIвезе руго гIумруялъулъ дандчIвалел киналгIаги захIмалъаби къезаризе. Гьарула гьаб сон нужее айги хайиргун. Хъулухъ гьабулаго араб заман лъугьаги нужер гIумруялъул лъикIаб заманлъун. РакIчIараб буго цо лъагIелалдаса ниж дандчIвазе руго унго-унгоял бихьиналгун – ВатIан цIунизе бажарулел гIолилалгун» - ян абуна районалъул бетIерас жидеего бокьун рагъулаб комиссариаталде рачIараздехунги вуссун.

## Росдал магIишаталда бугеб ахIвал-хIал

***(Байбихьи 1-аб. гьумералда)***

Лъалъалеб ракьалъул къадар кколеб буго кинабниги 2,2 % – 2964 га.

2023 соналъул араб 6 моцIалда районалъул росдал магIишаталъул киналго бутIабазда рукIинаруна лъикIал хIасилал. Щибаб 100 чахъдада хадуб цIунана 80-85 кьегIер, цоцо магIишатаздайин абуни 90-95 кьегIер. Гьоркьохъеб къагIидаялда щибаб бетIералдаса кьунцIана 3-3,2 кг квасул. Квасухъ щолеб багьа цIакъго дагьаб букIиналъ гьеб гIолеб гьечIо квас кьунцIаралъухъ кьезецин, цо килограмм хIеренаб ва бащдаб хIеренаб квасул кколеб буго 30-40 гъурущалде, хьачIаб ва бащадаб хьачIаб квасулин абуни 15-20 гъурущалде. МагIишатазе хайир щолеб буго гьанал багьа борхун букIиналъ. Гьеб бахъун буго 400-500 гъурущалде.

МагIишатазул цIикIкIарал харжал унел руго хасалил мучIдуздаса магIарухъе ва нахъойги хасалил мучIуздеде гIи баччулаго. Гьеб бахъунеб буго гIага-шагарго 19-22 миллион гъурущалде. ГIи баччиялъул рахъалъ пачалихъалъ



гьабулеб кумекги кинабгIаги гьечIо.

Ахирал соназда гIемераб хIалтIи гьабулеб буго саранчаялъ хвезарурал районалъул ракьал рукIалиде ккезариялъе. ЦохIого гьаб соналда 2800 гаялда гьабуна гьелде данде дару, гьенир арал харжалги рахьана 630 азарго гъурущалде цохIого пестицитал росулаго, гьелъиеги бащдаб къадар биччана 2021 соналда нахъе хутIараб райадминистрациялъул гIарцудаса.

Ахирал соназда дагьабго цIикIкIинабун букIана цIиял программабазда рекъон племенияб, гьаналгун рахьдалаб гIи-боцIи гIезабиялъе гьабулеб пачалихъалъулаб кумек, гьеб щвана цIидаса хIалтIи байбихьулел фермеразе ва хьизаналъулал фермабазе. 2022 соналда гьеб бахьун букIана 37,594 миллион гъурущалде.

2023 соналда гьеб рахьалъ гьабулеб кумек цо-цо бутIабазда дагь гьабуна ва гьаб соналда районалъул магIишатаз гIахьаллъи гьабичIо грантал щвеялъе гIоло тIоритIулел конкурсазда.

# Мисал босиялъе мустахIикъаб къисмат

Октябралда 100 сон тIубалаан машгъурав прокурор МухIамад Ибрагьимов гьавуралдаса. Гьев гьавуна ЧIарада районалъул ГIириб росулъ. ГIагараб росдал школалаги лъугIизабун, цIализе



лъугьана Дербенталда букIараб политикияб лъай кьеялъул школалде. Амма, живго унтиялда бан, цIали рехизе ккана гьес. Сахлъун хадуб гьев ана ЧIарада районалъул нухмалъулезухъе ва бицана, жиндие цIализе ине бокьун бугин абун. Гьезги МухIамад витIана ВКП(б)-ялъул Дагъистаналъул обкомалда цере рагьарал анлъго моцIил курсазде. Гьениса тIадвуссарав М. Ибрагьимов тIамуна райкомалъул техникияв секретарьлъун хIалтIизе. Гьоркьоб заман индал гьев вачана прокуратураялъул халкьияв следовательлъун хIалтIизе ва гьеб хъулухъалда вукIана 1944-1950 соназда.

Гьеб букIана захIматаб, улка рагъулъ бугеб заман. ЧIарадаги мадугьалихъ районазулги рохьазда рахчун рукIана фронталдаса лъутун рачIаралги, хъачагъалги, такъсирчагIиги. Гьезда хадур лъугьарал низам цIунулезул идарабазул хIалтIухъаби рукIине кколаан жавабчилъи тIокIаллъун, хIинкъи-къай лъалареллъун, такъсирчагIазул иргадулаб гали цебеккунго лъазаби бажари-гьунар бугеллъун. Камулароан гьезулгун рагъ ккеялъул, ай туманкIгун таманча гаргадизабизе ккеялъул хIужжабиги. Гьелъие чара гьечIого хIажалъулаан бахIарчилъи, рекIел кьвакIи кьуркьунгутIи, гьединавлъун вукIана гIолохъанав МухIамад Ибрагьимовги.

ЧIарада райкомалъул тIоцевесев секретарь И. СагIдулаевас М. Ибрагьимовасе кьураб характеристикаялда хъван буго: «ЧIарада районалъул прокуратураялъул халкьияв следовательлъун Ибрагьимов М.М. хIалтIулев вуго 1944 соналъул марталдаса нахъе. 1949 соналъул январалдаса нахъе вуго цIехрехалъулгун судалъул идараялъул партиялъул гIуцIиялъул секретарьлъун. Гьесухъа хIалтIи гьабун бажарула, тIадкъараб иш тIубазабула ракIбацIцIадго ва мухIканго. Гьесул хIалтIулъ гьечIо гIунгутIаби. Партиялъулабгун советияб активалъ адабги гьабула гьесул», - ан.

1950 соналда М.М. Ибрагьимов цIализе лъугьана Москваялда бугеб СССРалъул Прокуратураялда цере ругел кIигосонилал курсазде. Цадахъго (заочно) цIалана Украина ССРалъул Юстициялъул министерствоялда цебе букIараб Харьковалъул юридикияб школалдаги. ЦIалун вахъарав МухIамад хIалтIизе тIамуна КъахIиб районалъул (гьанже – Шамил район) прокурорлъун ва кIиго соналдаса вищана рехсараб районалъул исполкомалъул председательлъун.

Гьеб заманалда Ибрагьимовасул букIинчIо тIадегIанаб лъай. ХIалтIул рахъалъ районалда бугеб хIалуциналъухъ балагьичIого, гьев цIализе лъугьана Саратовалъул юридикияб институталде ва хадубккун – Дагъистаналъул пачалихъияб росдал магIишаталъул институталдеги (заочно). Дагъаб заманалдаса байбихьана МахIачхъалаялда цIализе – партиялъулгун советияб школалда.

1958 соналда М. Ибрагьимов витIана Гъуниб районалде. Гьенивги гьев хIалтIана цин халкьияв судьялъун, цинги – 1963 соналда – Гъуниб райисполкомалъул председательлъун. Щуго соналдаса вахъана тIоцевесев секретарьлъунги. Гьеб хъулухъалда вукIана 1971 соналде щвезегIан. КъахIиб ва Гъуниб районазда хIалтIун щвараб бечедаб хIалбихьи гьес хIалтIизабуна тIолабго гIумруялъул хIаракатчилъиялда.

МухIамад Ибрагьимовасул тIадчIеялъулги тIалабалъулги хIасил ккола дол соназда рехсарал районазда цIиял школазегун лъималазул ахазе ва больницабазе, гьединго райкомалъул хIалтIухъаби жанир рукIине рарал минабиги къачIарал шагьранухалги, гIадамазул гIумруялъе гIуцIарал санагIатал шартIалги ва гIемераб цогидабги. Ибрагьимовасул хIаракаталдалъун, масала, КъахIиб районалъул центр бачана жакъа бугеб бакIалде – ХIебде. Гьелъие гIиллалъунги ккана рорхатал мугIрузда букIараб КъахIибе рукIинчIо санагIатал нухал. Гьенире ине захIмалъулаан, хасго хасало ва гIазу-цIад балеб мехалда. Жакъасеб ХIебда росу буго районалъул тIолго росабазул гIадамазе санагIатаб бакIалда.

Гъуниб райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун М. Ибрагьимов хIалтIулаго, район чанцIулго мустахIикълъана доб заманалъул къиматаб шапакъаталъе – социалиябгун экономикияб рахъалъ церехъабазул кьерда ругезе кьолеб букIараб ЗахIматалъул БагIараб байрахъалъе. Районалъул цIар хъван букIана республикаялъулги централияб аппараталъулги ХIурматалъул хъорщода.



Республикаялъул нухмалъиялда гьоркьоб М. Ибрагьимовасул цIар машгъурлъана гIадлу бугев магIишат бачине бажари гIолеб нухмалъулевги ракIбацIцIадав, вичун восизе чIоларев, гIакъилав ва гIадлу тIокIав инсан хIисабалда. Живго вукIана гIемер хабар бицунарев, сабурав ва кутакалда гIодове виччарав чи. Гьединлъидал тIоцебе лъай-хъвай гьабурав чиясда ракIалде кколаан гьев чIухIарав ва гьорлъе восуларев чи вугин абун. МухIамадилъ гьитIинго куцан букIана аскIове вачIарав чиясухъ кIваркьун гIенеккулеб, бажарараб кумекалъе вахъунеб хасият. Амма гьев киданиги гурхIичIо пачалихъияб мулкалда кверщел гьабурав, улкаялъул закон малакь мерхьунев чиясда.

Гьединав вукIиналъе нугIлъи гьабула РСФСРалъул прокурор Б. Кравцовасул «Принципиальность прокурора» абураб макъалаялда гьесул цIар рехсеялъги. 1971 соналда Дагъистаналъул прокурорлъун тIамурав М. Ибрагьимовасул хIакъалъулъ гьадин бицунеб буго рехсараб макъалаялда: «ДАССРалъул прокурор М. Ибрагьимовасдаги Министразул советалъул председателасул тIоцевесев секретарь М. Абуевасдаги гьоркьоб хабар ккола. Прокурорас бицуна цо-цо районазда законалъул тIалабал хвезарулел ругин абун. Рехсола колхозалъул сурсатги ракьалги мекъаб хIалалда хIалтIизариялъул хIакъалъулъ бицунел хIужжаби. Щибаб хIужжаялъул халгьабун бугоан прокуратураялъ ва ккoлеб гIадлуги гьабун бугоан.

Аммаян абулеб буго Ибрагьимовас, гьабураб гIадлуялда гIей гьабун рукIине бегьуларо. КъваригIун буго республикаялъул идарабазул нухмалъулездасаги жавабчилъи тIалаб гьабизеян тIирун чIана гьев. Прокурорас кIкIуй кIанцIизабулеб бугин, цо-цо гьалатIазул магIна гIилла гьечIого кIодо гьабулеб бугин кIалъана Абуев. Харбил хIасил ккoлеб гьечIолъи бихьулеб букIана. Гьебмехалда Ибрагьимовас абуна, Министразул советалъ жиндир пикрабазул мухIканго халгьабизе ккoлилан. Прокурорасул тIирунчIеялъул рахъ ккуна министразги», - ян.

Жиндиего щолеб пайдалъикIлъиялъул хIисабго гьабуларoан 15 соналъ Дагъистаналъул прокурорлъун вукIарав М. Ибрагьимовас. Гьесие аслияблъун букIана пачалихъиябги жамгIиябги кIвар бугеб ишалъулъ ритIухълъи цIуни. Гьедин бицуна гьесда цадахъ хIалтIарал гIадамазги республикаялъул нухмалъиялъги. Араб гIасруялъул 1970-абилел соназда СССРалъул Верховный Советалде улкаялъул регионазул рахъалдаса цохIо вугев депутатлъун вукIаниги, Верховный Советалъул рахъалдаса Европаялъул улкабазде парламентазул вакилзабазда цадахъ хьваданиги, гьес киданиги балагьичIо жиндиего цIар-рецц.

Дагъистаналъул машгъурав хIаракатчи ГIабдулатIип ХIажиевас хъвалеб буго: «Тарихалда гIемер руго жидер хIакъалъулъ лъикIаб пикруги цIарги нахъа тарал, машгъурал ва сахаватал Дагъистаналъул васал. Гьезда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккола дир ракьцоясги – экономикаялдаги правоялдаги гIадлу-низам цIунизе гIемерал соназ хIаракат бахъарав МухIамад Ибрагьимов. Гьесул тIолабго гIумру буго мисал босизе мустахIикъаб», - ан.

РакIбацIцIадав прокурорасул хIакъалъулъ пикру загьир гьабуна Расул ХIамзатовасги: «МухIамад Ибрагьимов гIадинал гIадамал къанагIат гурони дандчIваларо. Дица гьев рикIкIуна гIаданлъи тIокIав интеллигентлъун. Дагъистаналдаги республика тун къватIибги загьирлъана гьесул гIуцIарухъанлъи, хIалтIи цебе туркIизабулеб хасият. Гьесул нухмалъиялда гьоркь борхалъуде бахана Дагъистаналъул прокуратураялъул къадру. Гьединлъидал Россиялъул Федерациялъул прокурор Кравцовас гьев рикIкIунаан Россиялъул бищун лъикIал прокурорлъун цоявлъун. МухIамадица бана жиндир гIаданлъиялъеги къадруялъеги кIудияб памятник – гьеб бащалъула ЧIарадисезул бищун борхатаб тIогьалда», - ян хъвана гьес.

М. Ибрагьимовасул хIаракаталъе кIудияб къимат къуна ватIаналъ. Гьев мустахIикълъана ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъул орденалъе, «КIудияб ВатIанияб рагъул соназул бахIарчияб захIматалъухъ» ва «ЗахIматалъулаб бахIарчилъиялъухъ» абурал медалазе, гьединго хIурматалъул грамотабазегун баркалаялъул кагътазеги. Къуна гьесие «СССРалъул прокуратураялъул къадруяв хIалтIухъан» ва генерал-майорасул чиналда бащалъулеб «Лъабабилеб классалъул Пачалихъияв гIакълучи» абурал къадруял цIаралги.

МахIачхъалаялда, М. Ибрагьимовас гIумру гьабураб минаялда чIван буго мемориалияб хъарщи ва гIагараб росдал школалъе къун буго гьесул цIарги.

***ХIасанхан ИБРАГЬИМОВ,***
*Россиялъул ФСБялъул ветеран, Россиялъул Журналистазул союзалъул член*

# Нухмалъулел гIахьаллъараб совещание

Районалъул администрациялъул отделазул начальникал ва муниципалиял учреждениязул нухмалъумагIишаталда, экономикаялда, финансазда, администрациялъул аппаратальул хIалтIуда, налогал ракIа-



лелги гIахьал гьарун ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул кабинеталда тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание.

Гьоркьор лъун дандрана лъай кьеялъул гIуцIиялда, культураялда, росдал риялда, гьединго муниципалитеталъе хIажатал цогидалги масъалабазда хурхарал суалал.

М. МухIамадовас кьуна тIадал идарабазе дандрекьон кколел тIадкъаял ва гьединго бихьизабуна гьел тIуразариялъе заманги.




РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ

РД Чародинский район, с. Цуриб пл. И. Шамиля 368450
тел/факс 55-36-27, 55-36-23 E-mail:charodarayon@e-dag.ru


**07.09.2023 г.** **с. Цуриб**

# РЕШЕНИЕ № 127

С целью приведения Устава муниципального образования «Чародинский район» в соответствие с Федеральным Законом от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов муниципального образования «Чародинский район» **решило:**

Внести в Устав муниципального образования «Чародинский район» следующие изменения и дополнения:

**1. Часть 5.1 статьи 26 признать утратившим силу;**

**2. Статью 26 дополнить частью 5.2. следующего содержания:**

«5.2. Депутат Собрания депутатов муниципального района освобождается от ответственности за несоблюдение ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и неисполнение обязанностей, установленных Федеральным законом от 06.10.2003 года № 131-ФЗ и другими федеральными законами в целях противодействия коррупции, в случае, если несоблюдение таких ограничений, запретов и требований, а также неисполнение таких обязанностей признается следствием не зависящих от указанных лиц обстоятельств в порядке, предусмотренном частями 3 -6 статьи 13 Федерального закона от 25 декабря 2008 года № 273-ФЗ "О противодействии коррупции"».

**3. Часть 6 статьи 27 изложить в следующей редакции:**

«6. Полномочия депутата Собрания депутатов муниципального района прекращаются досрочно решением Собрания депутатов муниципального района в случае отсутствия депутата без уважительных причин на всех заседаниях Собрания депутатов муниципального района в течение шести месяцев подряд».

**4. Статью 28 дополнить частью 10.2. следующего содержания:**

«10.2. Глава муниципального района освобождается от ответственности за несоблюдение ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и неисполнение обязанностей, установленных Федеральным законом от 06.10.2003 года № 131-ФЗ и другими федеральными законами в целях противодействия коррупции, в случае, если несоблюдение таких ограничений, запретов и требований, а также неисполнение таких обязанностей признается следствием не зависящих от него обстоятельств в порядке, предусмотренном частями 3-6 статьи 13 Федерального закона от 25 декабря 2008 года № 273-ФЗ "О противодействии коррупции"».

II. Главе муниципального образования представить настоящее решение на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования) после его государственной регистрации.

***Глава муниципального образования «Чародинский район»***
**М.А. МАГОМЕДОВ**

***Председатель Собрания депутатов муниципального образования «Чародинский район»***
**К.М. МАХАЧЕВ**

# Аэродромалда цIияб сквер

«Формирование комфортной городской среды» абураб программаялда рекъон ЦIуриб росулъ аэродромалда балеб буго цIияб парк. Жакъасеб кьоялде лъугIулел руго майданлъиялде унел железобетоналъул болъаби.

Районалъул бетIер М. МухIамадовасул росдал магIишаталъул ва экономикигьабун, М. МухIамадовас гьаруна малъа-хъваял ва аскIоб бакI басриял, турарал гьутIбиги кьотIун бацIцIад гьабизе ккеялъул, кьуна тIадкъай гьенир гьарулел хIалтIабиги лъугIизарун жиндир заманалда объект хIалтIизабизе кьеялъе. Рехсарал хIалтIаби лъугIизаризе ккола гьаб соналъул 1 ноябралде.

ЦIияб сквералъ Цуриб росдае кьезе буго берцинаб сипат ва гьенир гIумру гьабулел гIадамазе рахIаталда заман тIамизе рес.



ООО «Монолит-групп» подрядалъул гIуцIиялъул хIалтIухьабаз 300 кв метралде гIагарун майданлъиялда плитаби рекъезариялъе хIалтIаби гьарун руго. Майданлъиялда сверухъ рекъезарун руго фонарал. Гьарулел руго сверун къаялъул хIалтIаби, рекъезарулел руго скамейкаби, лъолел руго урнаби ва гьарун яб отделалъул нухмалъулев ХI.Къадиевасулгун ва ЦIуриб росдал поселениялъул бетIер М. МуртазагIалиевалъулгун букIараб гара-чIвариялдаса баянлъана, тIоцебесеб иргаялда гьелъул бугеб кIвар ва гьениб хIалтIи качественнияб кьагIидаялда гьабулеб букIин.

Гьабураб хIалтIул хал-шалги



# Гъабги, добги, доб цоябги

Эбелги, эменги, ясги - лъабалго гIинкъал рукIанила.

Рокъове вачIаравго инсуца абунила чIужуялдаги ясалдаги дун сапаралъ ине кколев вугин, дир ретIелхьит къачIаян.

Гьес абураб бичIчIичIей эбелалъ ясалда абула:

Яхъа, дир яс, эмен вакъун рагIула, квен цебе лъе.

Жиндирго пикрабалъ йигей ясалъ жаваб кьола:

- Щибха гьабилеб, гьедигIан гьев вас нужее рекIее гIун ватани, дун разияй йиго гьесие ине.

* * *

Базаралда чахъу бичулев ватарав чиясда дарам гьабизе бокьарас гьикъула:

- Алъул багьа щиб?
- Анлъазарго гъурущ.
- Лъабазаргоялде кьеларищ, дихъ гьеб гурони гьечIо.
- Бащдаб лъиеха дица бичилеб?

* * *

ГIоралъ восун унев цо чи ахIдолев вукIун вуго: «Я, Хизри, я, Ильяс», - илан.

Гьев хвасар гьавизе жиндасаго бажаруларебльи бичIчIарав гIурул рагIалда вукIарас гIоралъ унесде ахIун буго:

- Хизриги Ильясги гьора Чирюрталда рихьана дида гIоралъ босун бачIараб цIул бахъулел. Гьел къваригIун ратани, мун гьове а.

Гьев, дов чияс «малъарабги гьабун», гIоралъ Чирюрталде ун вуго.

* * *

Рузман къоялъ вагIзанасихIат гьабулаго, росдал дибирас абунила, кIиго копекалъул хIакъ тIад бугев чи алжаналде гIагардецин виччаларилан.

Гьеб мехалъ рузман базе данделъараб жамагIаталда гьоркьоса цояс ахIанила:

- Гьедин батани, нужер алжанги букIинаха, доб заманалдаго ЦIадаса ХIамзатица абухъе, агъвалисезул чIунтараб хIамам гIадин цониги чиги жанив гьечIого, - ян.

* * *

Жиндирго гIиги бачун гъутаналде унев цо магIарулав щун вуго гIодоблъиялда бугеб цо росулъе. ГIияда цадахъ цо гьойги букIун буго. Цо кавудахъа кIанцIун бачIун магIаруласул гьоялда тIад речIчIун буго цогияб. ЛъикI багъун буго кIиябго. Ахирги магIаруласул гьоялъ доб цояб чIван буго. Гьеб мехалъ речIчIун таманчагун магIарулас жиндирго гьой чIван буго. АскIор рукIараз гьикъун буго, щайин дуца гьедин багъулеб гьой чIварабилан. БетIергьанчи бергьунареб бакIалда гьойги бергьине бегьуларин абун буго магIарулас.

* * *

Армиялдаса чIужуги ячун вачIун вуго гIолохъанчи. Гьелъулгун лъайхьвайги гьабун, гьикъабакъарун лъугIидал, васас инсуда гьикъула:

- Эмен, дур ракI рекъанищ дир чIужуялда?

Гьелъул гьурмалги чорхолги берцинлъи гьечIолъиги васасда битIахъе абизе кIвечIого, инсуца жаваб кьунила:

- Гьайни квешай ятиларо, амма шагьаралде жанивегIан лъугьинчIого, рагIалда ятарай ячун йигоха дуца, - ян.

* * *

Доб советияб заманалда, гьоркь цIар гьечIел гIарзаби лъида-лъидасаги тIадегIанал идарабазде хъвалел чагIи камулароан. Балъго гьединал гIарзал хъван ругьунав, амма колхозалъул хIалтIуде жигаржан бугев цо чи вукIанила. ХIукму ккола гьев партиялде восизе. Райкомалъул бюроялде ахIун вачIарав гьесие суал кьунила:

- Бице, лъица хъвараб «Капитал»? - илан.
- Нуж божа, гьалмагъзаби, гьеб дица хъвараб жо гуро, - ян вихха-хочун лъугьанила гьев чи.

* * *

Мадугьаласул цIибараб минаялъул цо рукъалда ункъо нуцIа бихьарав чияс абунила:

- Гьаб рукъни хасало цIакъ хинаб букIина, - илан.
- Гьаб щай батIаго хинаб букIунеб?
- Дир минаялъул щибаб рукъалда цо-цо нуцIа буго. Хасало гьел нуцIби къараб мехалда рукъзал лъикIго хинлъула. Ункъо нуцIа къараб мехалда дур гьаб рукъ цIакъго хинлъиларищха.

ХАЙИР БУГЕЛ БИЦЕНАЛ

# Щивас жиндаго рорцуна цогидал

Свакан бакъанида рокъове щварав векьарухъан жиндирго минаялда цебе бугеб ганчIида гIодов чIун вукIанила. Вихьанила гьев цо аскIоса унев чиясда. Гьес хIисаб гьабунила, щибго хIалтIи-ишги гьечIого гIодов чIарав гьадав чи цIакъ кIвахIалав чи ватилилан.

Гьесдаго хадув вачIунев цогияс пикру гьабунила, гьадав чи, къотIноса унел-рачIунел руччабазухъ балагьизе гIодов чIарав цIакъ саяхъав чи ватилан.

Лъабабилев нухлуласда ракIалде ккванила, гьадав чи къоялъ хIалтIулевги вукIун, свак чучизе гIодов чIарав чи ватилилан.

Гьезул тIоцевесев вукIанила гIумруялъ нухда батараб гамачIгицин цояб рахъалде рехичIев, гьабуразул гьабурабги кванан вукIунев, цIакъ кIухIалав чи. КIиабилев - кидаго руччабазда хадув сверун къоял тIамулев цIакъ саяхъав чи. Лъабабилев - гьитIинаб къоялдасаго гIетI тIун босараб чадил къимат лъарав, цIакъ хIалтIун ругьунав чи.

Гьедин щивав чияс жиндаго рорцунила цогиялги.

# ЖахIда-хIусуд

ГодекIанир гIодор чIун хабар-кIалалда рукIанила анцIго чи. ЧIухIараб машинаялдаги рекIун тIаде вачIанила гIолохъанаб ригьалъул цоги чи. Гьес годекIанир ратаразе, саламги кьун, хьваш-баш гьабунила. Цинги абунила:

- Дун къватIиве вахъун вукIана, дидасагоги хьизаналдасаги садакъаде гIарац бикьизе. Нужги лъикIал гIадамал ругин ккола дида, нужее кьела дица гьаб гIарац.

Гьединги абун гьев чияс, годекIанир рукIарал анцIасего лъаб-лъаб азарго гъурущ кьунила. Ахирги гьесухъ азарго гъурущ хутIанила. Гьебги, гьес гIадамазда гьоркьов бищунго мискинав ватилилан ккарасе кьунила. ГодекIанир рукIараз гьев чиясе лъикIаб гьари-рахьи гьабунила.

ТIасан кIалалъ гьединаб рахьи-гьари гьабуниги, дов чияс мугъ барабго, гьезул ичIгояв гьесда тIасан гаргадизе лъугьанила. Цояс гьев цIогьор рагIулин, цогияс чIвадарухъан ватизе кколин, лъабабилес хIиллачи ватизе кколин абунила… Гьедин щивасул кIалалъ, расги барахщичIого ракIалде ккара-ккараб хьублъи чIехьолеб букIанила гьесде. Щивасда жанибин абуни бухъардулеб букIанила цого пикру - доб хутIараб азарго гъурущ дие щвезе кколеб букIанин абураб асар.

Гьеб асар бергьун, жахIдаялъул накIкIуца бахчизабун, гьезда кIочон танила, гьадав чиясдасан жидее лъаб-лъаб азарго гъурущ щвараблъи.

# Баракат щвезе бегьула

ВукIанила цIакъ сахаватав хан. Гьес жиндир улка-ракьалда ругел гIадамазе кидаго бикьулаанила гIарац-месед, гьабулаанила хIажалъи ккаразе, гьарун вачIарасе цоги-цоги кумекги.

Цо къоялъ вазирас ханасда абунила, гьеб бечелъи гьедин дуца бикьизе гурин цере рукIарал ханзабаз данде гьабураб. ЗахIматаб къо бачIани батизе, ханлъиялъул хазина-рукъ, гIарац-меседалъул цIун букIине кколин. Дуцаги, дуда цере рукIарал ханзабаз гIадин халкъалъухъа магъало бакIарейин, гьезие буголъи бикьичIогойин.

- Хазина-рукъ къварилъи ккараб къоялде бечедго букIине кколин абурал рагIаби дур ритIарал ратизеги бегьула, - ян абунила ханас.
- Гьединаб къоялде нахърател камунги нилъ гьечIо. Амма хан гIорцIун, халкъ бакъун букIине кколин абураб азарил соназ щулалъараб, гIадатлъун лъугьараб пикруялдаги дун разияв гьечIо. Дун гьаб дунялалде абадиялъго вукIине вачIарав чи гуро. Хун хадуб дир хIакъалъулъ гIадамаз бечедав хан вукIанин абиялдаса, сахаватав хан вукIанин абизе бокьила дие. Щиб лъалеб, Аллагьасда цеве вахъараб къоялъги дие гьелъул баракат щвезе бегьула.

# Гьедин букIуна

ЩIалдохьабаз мугIалимасда гьикъанила:

- Щай гIадамаз дагIбадулелъул, гьаракь борхизабулеб? - илан.
- КIиго чи дагIбадулелъул, гьезул ракIал цоцаздаса рикIкIалъула. Гьединлъидал, гьаракь борхун кIалъани гурони гьел цоцазда рагIуларо, - ян жаваб кьунила мугIалимас.
- Рокьи ккарал щайха цоцазда щурун кIалъалел?
- Рокьи ккаразул ракIал цоцазде гIагарлъула, кигIан шурун абуниги, гьез бицунеб жо цоцазда рагIула. Рокьи унго-унголъунги гучаб бугони, гьезул ракIал журала. Гьединаб мехалъ, кIалъачIониги, бераз бицунги цоцазда гьел ричIчIула.



# Аттестация тIобитIана

ЧIарада районалъул администрациялда тIобитIана «РФялъул муниципалияб хъулухъалъул хIакъалъулъ» Федералияб законалда рекъон ва «ДРялда муниципалияб хъулухъалъул хIакъалъулъ» ДРялъул законалда рекъон, ва «Чародинский район» МОялъул уставалда рекъон муниципалияб хъулухъалъул хIалтIухъабазул аттестация. Гьеб тIобитIиялъул мурадги букIана профессионалияб лъай борхизаби ва жидеда хадур щулат гьарурал муниципалиял хъулухъал данде кколел ругищ гьабулеб хъулухъалда лъазаби.





Аттестациялъул комиссиялда рукIана МОялъул нухмалъулел, районалъул бетIерасул заместителал ва структурияб подразделениялъул нухмалъулел. Аттестация кьуна муниципалияб хъулухъалъул кинавниги 21 хIалтIухъанас. Гьенир аслиял суалал рукIана РФялъул муниципалияб хъулухъалда хурхарал законазул тIалабал, коррупциялде данде, аттестация гьабулез тIуразарулел тIадал ишазда ва хъулухъазул инструкциял лъаялда хурхарал.

# Кумекалъухъ баркала

ЧIарада районалъул Гьилиб росулъа Набиев Ражаб Ибрагьимовичас росдал ясли-ахалъе сайгъат гьаруна лъикIал расанкIаби.

Гьилиб росдал школалъул директор АхIмад Жарулаевас, ясли-ахалъул тарбиячагIаз, гьединго улбуз жидер лъималазе росарал сайгъатазухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Ражабие. Гьарана гьесие щулияб сахлъи, аваданаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби ва хъизаналъулъ битIккей.



# Пайдаяб тадбир

ГьитIичазулъ лъикIал хасиятал лъугьинариялъул мурадалда ЧIарада районалъул лъималазул «Радуга» ясли-ахалда тIобитIана РабигIуль Аввал моцIалъул хIурматалда рохалилаб тадбир.

Лъималазул ахалъул хIалтIухъабаз тадбиралъул гIахьалчагIазе чIезабун букIана лъикIаб ахIвал-хIал. ГIисинал байрахъаз, шараз ва тIугьдуз берцин гьабун букIана тадбир тIобитIулеб зал. Къеда бан букIана Аварагасул (с.т.гI.в.) цIар тIад хъвараб берцинго къачIараб игIлан.





Музыкаялъул нухмалъулелъ данделъаразе саламги кьун, баркана Авараг (с.т.гI.в.) жанив гьавураб моцI, бицана МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул, гьесул цIодорлъиялъул, гIадамаздехун букIараб ракIбухIиялъул, рекIел гIатIилъиялъул. Гьел хасиятал лъугьана дунялалда тIадго миллионал гIадамаз жидедаса мисал босулеллъун.

Лъималазул ахалда тарбия щвараз ахIана азан, цIалана табу, аятал, рицана хIадисал, ахIана нашидал ва кьуна викторинабазе жавабал. Тадбиралда гIахьаллъи гьабизе рачIун рукIана ЦIуриб поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиева, гьелъул заместитель, диналъул церехъаби ва чIахIиял группабазул улбулги.

Тадбир гIуцIаразул ва тарбиячагIазул цIаралда абуна гIемерал хинал рагIаби. Лъималазе кьуна гьуинлъабазул наборал.

# Дир гIагараб ГIириб

Мун щиб районалъул гьикъидал дица,
Цо хасаб чIухIигун кьолаан жаваб –
Гугарухъабазул, кочIохъабазул,
Кибго чIел босараб ЧIарадасайин.
Росу кинабилан гьикъун хадуса
Хадур рехсон руго кьурал жавабал.

Кверал меседилал васал гIемерал,
ГIаданлъигун диналъ гIумру берцинал,
Устарзабазул ракь, бокьулеб ГIириб,
Росу бугин диран кьолаан жаваб.

Дие мун бокьула, дир гIагараб ракь,
ГIумруялъул гьудул гьениса вукIун.
ГIумру къокъав вижи, бичасул къадар,
РакI хварал ратани, нуж тIаса лъугьа.

Дир беразул канлъи, каранзул бухIи,
ХIажимухIамадгун гIумру бащадал.
Хобалазде щвейгун, кIочон течIого,
Гьесул заниялда бахъе цо-цо квер.

Диргун кьир бащадал, цадахъ хIалтIарал,
Дица дарсал кьурал васалгун ясал,
Дидаса ракI хварал рукIун ратани,
Гьарула нужеда тIаса лъугьаян.

КIиго дир хириял хобалазе кьун,
Хехго тана дица мун ГIириб росу.
Амма Захи мегIер, тIогьолаб гьордилъ
Гьалаглъун речIчIулеб Дарганалъул лъим
Лъида кIочон толеб баракатаб ракь.

*Киназего сахлъи рохел гьарулей*
***Маймунат МУХIАМАДОВА,***
***МахIачхъала***



# Кавказ эркен гъабуралдаса 80 сон

Кавказалъул ракь немцазул фашистаздаса эркен гъабуралдаса 80 сон тIубаялъул къоялде ЦIуриб гьоркьохъеб школалъул чIахIиял классазул цIалдохъабазе тIобитIана «По дорогам памяти» абураб бихьинчилъиялъул дарс.





Тарихалъул учитель Шамил ШагIбановас бицана Советияб армиялъул бахIарчиял рагъулал ишаз 1943 соналъул 9 октябралда тIубанго эркен гьабунин Северияб Кавказалъул ракь хъамалчагIаздасаян.

ЦIалдохъабазе бицана Кавказалъе гIоло гьабулеб рагъалъул нилъер улкаялъе букIараб кIудияб кIваралъул. Гьеб Ленинградалъул блокадаго гIадин букIанин халатбахъараб ва КIудияб ВатIанияб рагъда бищунго гIемераб би гIодобе тIураб къеркьеян. Нилъер ракьцояз гьеб рагъда бихьизабураб бахIарчилъи, къо хIехьей ва къвакIи къимат къун бажаруларебгIан кIудияб букIана.

РакIалде щвезабила, гьеб бергьенлъи кIодо гьабизелъун СССРалъул Верховнияб Советалъул Президиумалъ бахъана 1944 соналъул 1 маялда Указ «За оборону Кавказа» абураб медаль тасдикъ гьабиялъе ва 870 чи мустахIикълъана гьелъие.

ЦIалдохъабаз къуна суалал ва гьабуна хIасил нус-нус сонал аниги нижеда тIадаб буго нилъер улкаялъул гьеб бахIарчияб тарих ракIазулъ цIунизе, гьединго кIочон тезе бегьуларо нилъер гьайбатаб букIинеселъе гIоло гIумру къуралги.

# Бихьинчилъиялъул дарсал

М.И. Садикъовасул цIаралда бугеб Арчиб гьоркьохъеб школалда Кавказалъе гIоло рагъ лъугIаралдаса 80 сон тIубаялда хурхун тIобитIараб тадбиралда «РакIалде щвеялъул нухдаса» абураб темаялда тIобитIана бихьинчилъиялъул дарс.

8-11 классазул цIалдохъабазе хIадурун букIана презентация «Кавказалъул рагъул» хIакъалъулъ, жибги халатбахъараб 1942 соналъул 25 июлалдаса 1943 соналъул 9 октябралде щвезегIан. Тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим Зумзум МухIамадовалъ бицана гьеб рагъул хIакъалъулъ, гьелъул Советиял рагъухъабазе букIараб кIудияб кIваралъул, гьенир рукIарал тунка-гIусиязул, цIакъго захIматго букIанин бицана гьелъ мугIрузул ва рохьазул бакIазда тушманасул рахъалъ букIараб цIикIкIараб къуваталде данде рагъизе.





Школалъул ученица Фатима МухIамадовалъ бицана Кавказалъе гIоло рагъда гIахьаллъарав жиндирго инсул эмен Арчиб росулъа ИбнухIажар Садикъовасул хIакъалъулъ.

---

Кавказалъе гIоло рагъ лъугIаралдаса 80 сон тIубаялде Магъар гьоркьохъеб школалда тIобитIана ракIалде щвеялъул тадбир.

Гьениб тIобитIана Кавказалъул рагъул баянал, советиял рагъухъабазул бахIарчиял ишал ракIалде щвезариялъул, Кавказ кверде босиялъе немцазул командованиялъул букIараб стратегияб планалъул биценал гьарулеб акция.

Историялъул учитель Шамил ГIабдулкаримовас мухIканал баяналги рачун бицана гьеб кIудияб рагъул хIакъалъулъ, рехсана гьелъул тарихиял хIужжабазулги.



«ЦIакъ гIемераб къуват къуна нилъер ракьцояз гьеб фашистазул тIадецуй нахъе чIваялъе. Гьеб рагъда бихьиназда цадахъго рагъулел рукIана руччабиги, аслияб къагIидаялда рагъул захIмалъи баччизе ккана тылалда рукIарал руччабаз ва лъималаз, гьел хIалтIана рухIалда барахщичIого, кинабго жидерго къуват къуна бергьенлъиялъе гIоло. Кодор белалгун газа-раххангун гьез рана щулалъиялъе бакIал. Абизе ккола гьезул гIемерисел бакIал хIалтIабаз чIван лъунилан, гьездаса цо-цоял хъизаназухъе тIадруссунцин рачIинчIин. Нижеда, гIунбачIунеб гIелалда киданиги кIочене бегьуларо нилъер ракьцоязул бахIарчияб гьунар. Нилъеда тIадаб буго гьел лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ наслабаз наслабазухъе къун ракIазулъ цIунизе», - ян абуна Шамил МухIамадовичас.

# Кавказалда рагъ лъугIаралдаса 80 сон




Кавказалда рагъ лъугIаралдаса 80 сон тIубаялъул къоялде ЧIарада районалъул Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз ЦIуриб гьоркьохъеб школалда тIобитIана «Живая память: Битва за Кавказ» абураб ВатIан хиралъиялъул сагIат.

Библиотекаралъ лъималазе бицана Кавказ бахъи немцазул хъамалчагIазе букIана цIакъго кIвар цIикIкIараб ишлъун, амма советиял солдатазул ва ракълилаб халкъалъул бахIарчилъиялъ ва къвакIиялъ гьезул хьулал хIорлъизаруна.

РакIалде щвезабила Кавказалъе гIоло гьабулеб рагъ лъугьана кIудияб ВатIанияб рагъул тарихалда жанибго бищун халатбахъараблъун. Кавказ цIунулеб букIана 2 этапалда 442 къоялъ: 1942 соналъул 25 июлалдаса 31 декабралде щвезегIан букIана немцазул армиялъул тIадекIанцIи, гьелдаса хадуб 1943 соналъул 30 декабралда советиял рагъухъабаз байбихьана гьужумалде данде гьужум гьабизе, нахъе къазаруна фашистал ва нахъе рахъана гьез ккун рукIарал ракьал.

ЦIалдохъабазда цебе лъун букIана тIахьазул выставка «Битва за Кавказ» ва «442 дня подвига» абураб суратазул выставкаги.

Библиотекаралъ цIалдохъабазе гьабуна тIахьазул выставкаялдаса асар гьабулеб обзорги.

Тадбир лъугIизабуна Кавказалъул рагъда хурхун гьарурал кучIдул рикIкIиялдалъун.



# Хасалил спартакиада

ЧIарада районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул календаралъул планалда рекъон октябрь моцIалда ЦIуриб росулъ тIобитIана тIадагъаб атлетикаялъул спартакиада. Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул 7 школазул цIалдохъабазул командабаз.

Къецал тIоритIулел рукIана Украинаялъул ракьалда хасаб рагъулаб хьулухъ тIубазабулаго хварал ракьцоял ракIалде щвезариялъул мурадалдаги.

Къецазда гьоркьор рукIана: рекери 100 м манзилалда (васал ва ясал); 800 м (ясал); эстафета 4х100 м (васал ва ясал); рекери 1500 м (васал); бакIалдаса халалъуде кIанцIи (васал ва ясал); рекерун борхалъуде кIанцIи (ясал ва васал).

Районалъул школазул командабазул хIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакIалде бачIана Гьилиб школалъул команда,











кIиабилеб бакI ккуна ГIириб школалъул командаялъ, лъабабилеб бакIалъе гIей гьабизе ккана ЦIуриб школалъул командаялъ.



Призалъулал бакIал ккурал командабазе къуна дандрекъон кколел дипломал ва грамотаби, гьединго гIарцулал сайгъаталги.

# Унеб буго подписка

Байбихьун буго 2024 соналде «ЧIарада» газеталъе подписка гьабизе. Гьелъул багьа лъагIалие 400 ва бащдаб лъагIалие 200 гъурущ кколеб буго.

Хьул буго районалъул гIадамаз нилъерго газета хъваялде кIвар кьеялда.

РакIалде ккола район бокьулез ва гьенир щибаб къоялда кколел ругел лъугьа-бахъиназде пикру буссинабулез подпискаялде кIварги кьун щибаб цIаракиялъ районалъул «ЧIарада» газета хъвалин.

Нижецаги, редакциялъул хIалтIухъабаз, жигар бахъила нужер кумекалдалъун газета магIнаяблъун ва берцинаблъун букIине.

**Хъвай «ЧIарада» газетаги, хъвадаре редакциялдеги.**

Нижеца жигар бахъила нужер мурадал тIуразаризе.

*Цебеккунисеб баркалагун*
*«ЧIарада» газеталъул редакциялъул коллектив*

# «Урожай» байрам

Гьал къоязда ЦIулда асліяб школалда тIобитIана «Урожай» байрам. Гьенире рачIун рукIана учительзаби, умумул ва цогидал росуцоялги. Щибаб классалъул цIалдохъабаз столалда лъун рукIана овощал, пихьал ва цогидалги нигIматал. Хал гьабураб заманалда бищун кIудиязул цIайи букIана хьабахъ – 10 кг, капуста – 8 кг, каузик – 15 кг бугеб.

ЧIахIиял классазда гьоркьоб тIобитIараб къецалъул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана 9 классалъул цIалдохъабазе, 2-абилеб – 6 классалъулазе, 3-абилеб – 7-8 классазул лъималазе.

ГIодорегIан классазда гьоркьоб 1 бакI щвана 2 классалъулазе, 2-абилеб бакI щвана 4 классалъул цIалдохъабазе.

Байрам гIуцIараб къагIидаялда аваданго ана. Щибаб соналда школлъималазе тIобитIулеб гьеб тадбиралдаса гIахьаллъарал разиго хутIана.

***ХI. ГIУМАРОВ***

# *Авар кицаби ва абиял*

- БекьичIес хур бецуларо.
- БекIкIулеб гьецIохъги валагьуге, бичIулеб цIулахъги валагьуге.
- Бер гIункIрукъалъ бацIцIе.
- Бер хьантIуге, боцIудаса чIухIуге.
- Беразда гуреб канлъи бихьулеб, рекIедайин.
- Беразда квер лъураб мехалда гьабиялдаса, михъазда квер лъураб мехалъ гьаби лъикIаб.

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** ПатIимат АхIмадова
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 16 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*